

## SARI

Kurniasih, Ratna. 2009. *Peningkatan Kemampuan Berbicara Bahasa Jawa Ragam Krama dengan Metode Bermain Peran (Role Playing) pada Siswa Kelas VIIIE SMP 2 Bawang Kabupaten Banjarnegara Tahun Ajaran 2008/2009*. Skripsi. Jurusan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Semarang. Pembimbing I: Yusro Edy Nugroho, S.S, M.Hum Pembimbing II: Drs. Agus Yuwono, M.Si, M.Pd.

Tembung Kunci: Bahasa Jawa, ketrampilan wicara, ragam *krama*, bermain peran (*Role Playing*)

Ketrampilan wicara basa Jawa *krama* siswa kelas VIIIE SMP 2 Bawang kabupaten Banjarnegara isih kurang. Siswa durung bisa wicara basa Jawa *krama* kanthi apik lan bener. Perkara iki disebabake jalaran siswa kulina nggunakake basa Jawa *ngoko* lan basa Indonesia ing sajroning guneman, kejaba kuwi kawruh basa *krama* siswa kurang, siswa durung wani nyoba wicara kanthi basa Jawa *krama* ing kahanan resmi, metode kang digunakake guru kurang variatif mula piwulangan kurang nengsemake. Kanggo ngawekani perkara kasebut dibutuhake metode kang bisa ngundhakake ketrampilan wicara basa Jawa *krama* siswa. Salah sijine metode kang bisa digunakake yaiku metode bermain peran (*Role Playing*).

Adhedasar perkara kang wis kababar, perkara kang diangkat ana paneliten iki yaiku: (1) Kepriye undhak-undhakane ketrampilan wicara basa Jawa ragam *krama* siswa kelas VII E SMP 2 Bawang kabupaten Banjarnegara sakwise sinau wicara basa Jawa ragam *krama* kanthi metode bermain peran (*Role Playing*), lan (2) Kepriye owah-owahane solah bawane siswa kelas VII E SMP 2 Bawang kabupaten Banjarnegara sakwise sinau wicara basa Jawa ragam *krama* kanthi metode bermain peran (*Role Playing*). Ancas paneliten iki yaiku kanggo ngerteni undhak-undhakan ketrampilan wicara basa Jawa *krama* siswa lan ngandharake owah-owahane solah bawane siswa kelas VII E SMP 2 Bawang kabupaten Banjarnegara sakwise sinau wicara basa Jawa ragam *krama* kanthi metode bermain peran (*Role Playing*).

Paneliten iki nggunakake desain Paneliten Tindakan Kelas kanthi rong siklus. Subjek panelitene yaiku ketrampilan wicara bahasa Jawa ragam *krama* siswa kelas VIIIE SMP 2 Bawang kabupaten Banjarnegara Tahun Ajaran 2008/2009. Data paneliten iki saka instrumen tes lan nontes. Instrumen tes arupa tes perbuatan, menawa instrumen nontes arupa observasi, wawancara, jurnal, rekaman pita/kaset, lan dokumentasi foto. Kanggo nganalisis data tes nggunakake teknik kuantitatif, menawa data nontes dianalisis kanthi teknik kualitatif.

Asil analisis data paneliten ketrampilan wicara ana ing prasiklus utawa kondisi awal, siklus I lan siklus II nuduhake anane undhak-undhakan nilai rata-rata kelas. Saka prasiklus utawa kondisi awal nilai rata-rata 59,49 kalebu kategori kurang. Siklus I rata-rata kelas 66,67 mundhak 12,07%, kalebu kategori cukup. Nilai rata-rata siklus I iki wis ngluwihi wates KKM kang ditentoake yaiku 65, ananging isih ana siswa kang nilene durung tuntas. Mula kuwi, dilaksanakake siklus II kanthi ancas nilai siswa bisa tuntas kabeh, lan asile maremake. Ana ing siklus II iki nilai rata-rata kelas mundhak 11,14% dadi 74,10 kalebu kategori apik. Kanthi mangkono, undhak-undhakan nile rata-rata kelas saka kondisi awal tumuju siklus II yaiku 24,56%.

Undhak-undhakan asil tes ketrampilan wicara basa Jawa ragam *krama* kanthi metode bermain peran (*Role Playing*) uga nuduhake owah-owahane solah bawane

siswa tumuju arah positif. Siswa dadi luwih aktif, kritis lan semangat anggone sinau uga luwih nggatekake piwulangan. Kamangka solah bawa negatife siswa kayaha rame dhewe, guyon, nglamun, lan ngantuk dadi suda. Adhedasar asil kang wis kababar bisa disimpulake yaiku kanthi metode bermain peran (*Role Playing*) kanyata bisa nggundakake ketrampilan siswa nalika wicara basa Jawa ragam *krama*.

Saran kang bisa diaturake yaiku guru sinaosa nggunakake metode kang variasi kanggo piwulangan wicara basa Jawa ragam *krama*. Alternatif metode kang bisa digunakake yaiku metode bermain peran (*Role Playing*) jalaran kanthi bermain peran (*Role Playing*) siswa luwih aktif, kritis, kendhel, lan percaya diri tampil wicara kanthi basa Jawa ragam *krama*.